**Конспект ООД «Г1иллакх-оьздангалла»**

**1алашо:**«Г1иллакх»,«оьздангалла»бохучу дешнийн маь1на довзийтар.
**Билгалбаьхна кхиамаш:**
-Берийн г1иллакхе, оьзда амалаш кхуьур ю;
-берашна луур ду г1иллакхе, оьзда хила;
-нохчийн оьзда г1иллакхаш девзаш, уьш лело лаам болуш аматаш хир ду берийн амалшкахь.

**ООД д1аяхьар**

**Маршалла хаттар**
-Де дика дойла шун , бераш!
-Диканца дукха дехийла!
- Бераш ладог1а байте:
Г1иллакхе верг наха лору,
«Г1оза ваха!» цара олу.
Г1ортор хила г1ийлачунна,
Г1оьнча хила жимачунна,
Г1атта, ваг1ахь воккханиг
Г1иллакх ма ду коьртаниг!

-Бераш стенах лаьца ю х1ара байт?
(Берийн жоьпаш).

Воспитатело къамел до:
Г1иллакхах д1акъасто йиш яц оьздангалла. Г1иллакх а, оьздангалла а цхьаьна хьерчаш ду.
Оьздангалла – ю вайн яхь,
Оьздангалла ду г1иллакх,
Оьздангалла ду вайн эхь,
Собар, тешам, сирла чиркх.

-Бераш, адам Дала хьокху лаьтта, шен векал дина, дерриге 1аламна дола дан даийтина ду. Цундела адам кхечу 1аламах схьакъастош Дала цунна бела кхетам, вуон а, дика а къасто хьекъал. Иза везаволчу Аллах1а вайх бина къинхетам бу. Нохчийн г1иллакх-оьздангаллин г1ала замано йохор яц, нагахь санна вайх х1ораммо а иза 1алашъяхь, шеен леларца, вистхиларца, дечу г1уллакхца, иза лаьттар ю, нохчийн къам мел деха.
-Бераш! Шуна ма - хаъара вайн дайшна, дедайшна юкъахь хилла г1иллакх-оьздангалла, ларам. Г1иллакх – иза адамаша вовшаца лелочу гергарлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду. Оьздангалла х1ора стеган леларехь, амалашкахь гучуяьлла ца 1аш, шен сица а, синкхетамца хила езаш ю.
Хаза г1иллакхаш ду вай: да-нана ларар, церан хьашташка хьажар, вовшашна г1о дар, гергарло леладар, вуо болх хилча орцах довлар.

Вай нохчийн маттахь дукха газеташ, книшкаш т1ехь, «Стела1ад» журнал т1ехь ду туьйранаш, кицанаш, аларш, дийцарш. Царах дукххадерш вай дешна, 1амийна ду.
-Бераш, шун хаий вай нохчийн г1иллакхаш? Дуьйци аш? (берийн дийцарш)

**Сада1аран миноташ**
Са а даь1на, арадевлла,
Ян дохкуш ду тхо зарядка.
Сихха шу д1ах1иттий довла,
Цхьана меттехь юхадовда.
Куьйгаш д1асадахийта,
Цецдевлла шаьш моттийта.
Юха хьалха охьата1а, (3-4-зза)
Охьата1а, хьалата1а. (3-4-зза)
Хьаж т1е куьг шайн х1оттаде,
Когаш д1асахилабе,
Аьтту аг1ор доьрзуш, (3-4-зза)
Аьрру аг1ор доьрзуш, (3-4-зза)
Гонах до л чу н тидамбе.
Динарг х1инца тоийта,
Дог1маш малдеш, д1ах1итта.
Мох чуоза, арахеца, (3-4-зза)
Вайн зарядка ели х1инца.

- Бераш, къид1а вайн хьехарсахьтан 1алашо ю нохчийн туьйранах лаьцна дийцар.Туьйрано 1амадо майра хила а, комаьрша хила а, доттаг1чунна тешаме накъост хила а. Иштта, туьйранашкахь гойту нохчийн къоман оьзда г1иллакхаш, жимчо воккханиг лара везаш хилар, шен дас-нанас аьлларг кхочуш дан дезаш хилар.

Х1инца аса шуна довзитар ду «Ден весет» ц1е йолу нохчийн халкъан туьйра.

Цхьана стеган ворх1 к1ант хилла. Мацца а, шех лен цамгар кхетча, дас, кхайкхина и ворх1е к1ант т1е а валийна, цаьрга аьлла:
-Ворх1е а, ваха а г1ой, цхьацца сара а бахьаш чувола, ас, суо валале , цхьа весет дийр ду шуьга!
Цхьацца сара а бахьаш, ворх1е а чу а веана, дена хьалхха д1ах1оьттина.
Дас аьлла: «И ворх1е а сара вовшах а тохий, т1ийриг а хьарчаей, цхьаъ биэ. Шайга аьлларг дина к1енташа.
Дас воккхахволчу к1анте аьлла:
-Схьаэцал , къант, уьш кагдан хьажал.
Цу серех дина девзиг, гола т1е а те1ош, кагдан г1ертарх, ца кагделла к1анте.
Цуьнга санна, вукху вежаршка а аьлла, цаьрга а, цхаьнгга а ца кагделла девзиг.
Т1аккха дас аьлла:

-И х1ора сара къаста а бай, ша - ша а баккхий, хьовсал шайга уьш кеглой.
Цо ма – аллара, серий ша - ша даьхна, кегдина.
Дас т1аккха шен к1енташка аьлла:
-Хьовсал, сан к1ентий. И аш цхьаьна вовшахтоьхна ворх1 сара санна, шу цхьаьна, бертахь, вовший г1о деш хилахь, шух аддам а кхаьрдар дац, амма шу вовшех довлахь, наха шу а лорур дац.
-Барт цхьаъ болуш хилалаш. Барт ч1ог1а маь1на долуш х1ума ду шун.

-Бераш, оцу туьйрано х1ун гойту?
-Х1ун маь1ан дара цуьнан?
-Барт хилар.
- Х1ун весет динера дас, шен к1енташка?
-Вовшийн лерам болуш хилалаш.
- Барт цхьаъ болуш дахалаш.
-Цхьана бертахь, вовшийн г1о деш хилалаш.
-Шу барт боьхна, вовшех довлахь, наха шу а лорур дац.
-Шу вовше бертахь хилахь, шух адам а кхардар дац.
Нийса ду.

**Рефлекси**
-Бераш хьокху хьехарсахьтехь шуна керла хьун хиира?
-Девзиначу туьйранан ц1е муха яра?
-Шуна дагахь хьун дисира вай тахана дийцинчух?